

Kisa kòd konduit Pou Eleksyon “Lib ak Jis” la ye?

Yon kòd konduit pou eleksyon Lib ak Jis” vle di antan *anplwaye nou genyen Libète pou deside si yo vle ou pa pou mete ansanm kòm yon sendika, Lib sou entimidasyon nan men administrasyon nan yon vote balòt sekre ki Jis Yon akò pou eleksyon Lib ak Jis souvan genyen prensip sa yo:*

- Travayè lopital yo dwe kapab pran pwòp desizyon yo pou mete ansanm antan yon inyon;
- Ekzekitif nan lopital yo p’ap devote lajan swen pasyan yo pou jere yon kapay kont-sendika a;
- Yo p’ap fòse travayè lopital yo pou ale nan reyinyon, diminye tan yo pase nan devwa yo pou bay pasyan yo swen, pou chanje lide nou pou nou mete ansanm antan yon sendika
- Sipòtè sendikal yo ta jere kapay ki pozitif san atak pèsònèl kont administrasyon an;
- Eleksyon an ta fèt vit, tout diskisyon rezoud vit ak jistis, yo ta onore rezilta yo, kèlkeswa sa ki ta rive;
- Administrasyon ak sendika yo dakò pou yo pa vyole lwa travayè yo;
- Yo ta dakò sou Kòd Konduit sa alekri, pou yo ka ranfòse li legalman

Anwole pou vote nan eleksyon prezidansyèl la!

Pou kisa ou bezwen anrejistre?

Pou konstwi yon vwa ak pouvwa nan bwat balòt pou konbat pou travayè swen medikal yo ak fanmi yo nan Massachusetts! 15 Oktòb se dènye jou pou anrejistre pou vote pou eleksyon prezidansyèl la.

Rele **617-727-2828** oswa **1-800-462-VOTE** oswa vizite www.sec.state.ma.us/ele/eleifv/howreg.htm m pou anrejistre jodi a.

1199SEIU • 877-409-1199
www.fairunionelections.org
info@fairunionelections.org

Vwa Travayè Lopital yo



1199SEIU: Nou rann swem medika pi bon

1199SEIU
United Healthcare Workers East

THE BAYSIDE OFFICE CENTER
150 MT. VERNON ST, SUITE 300
DORCHESTER, MA 02125

FIRST CLASS
US POSTAGE
PAID
BOSTON, MA
PERMIT NO. 59949

RETURN SERVICE REQUESTED

Vwa Travayè Lopital yo



1199SEIU: Nou rann swem medika pi bon



Boston di, “Aji jis ak moun ki sousye yo!”

Ra pou travayè lopital yo

Le 8 Me, santèn travayè lopital yo ak sipòtè kominote yo te fè rali nan zòn Longwood Medical pou yon eleksyon lib ak jis. Atis Mizik Nasyonal la Dropkick Murphys te bay yon pèfòmans pou foul la epi te pale sou sipò li pou travayè lopital yo.

1199SEIU • 877-409-1199 • www.FairUnionElections.org • info@fairunionelections.org

Pou ki rezon nou kwè nan sendika travayè swen medikal yo

“Mwen fyè de kontra sendika mwen an, paske nan BMC nou te kapab ganye peyman asirans medikal anplwayè yo peye konplètman. Sa vle di anyen p’ap sòti nan pechèk ou yo. Mwen vle ede kò-travayè mwen yo ki nan lòt lopital nan Boston yo pou rantre nan sendika nou an epi ede yo ganye sa nou genyen.”



—Donyel Howell
Operatè, Boston Medical Center

“Administrasyon te eseye revoke mwen yon ane de sa pou yon bagay mwen pat merite pou resevwa disiplin. Mwen se yon bon travayè, epi mwen dedye sou pasyan mwen yo. Men jou sa yo, avan nou te gen yon sendika, yo t pa fè egzakteman sa. Kounye an, avèk sendika 1199 nou an, nou kapab montre mwen pat vyole regilasyon travay la, epi yo te elimine disiplin mwen an.”



—Cleo Brown
Reprezantan Aksè Pasyan yo, Boston Medical Center

“Gazolin ap Monte. “Manje ap monte . “Elektrisite ap monte. Tou bagay ap monte eksepte salè nou yo. Nou bezwen rantre nan 1199 pou nou kapab negosye salè nou yo. Enfimiyè yo kapab negosye avèk lopital nou an, ak tout doktè yo ak moun ki vann pwovizyon yo pou lopital la. Lemoman nou fòme yon sendika nou pral kapab fè menm bagay. Sa te dwe rive lontan deja.”

—Patricia Browkann
Medikal Asistan, Brigham & Women’s

“Mwen rele Chris Gainey epi mwen travay nan Caritas Good Samaritan Medical Center. Mwen kontan nou geyen yon sendika ki kanpe pou defann nou! Kounye an administrasyon dwe negosye avèk nou sou salè nou yo, benefis ak kondisyon travay yo. Epitou administrasyon dwe tanke sa n ap di sou aksyon disiplinè si travayè yo chwazi pou diskite yo. Nou gen yon vwa!”



—Christine Gainey
teknisyen laboratwa Lopital Caritas Good Samaritan an

“Como yon manm 1199SEIU, mwen gen opòtinite pou avanse karyè mwen ak sendika an Finansman pou Antrènman ak Mete Ajou, pafwa mwen pat kapab fè sa nan yon fasilite ki pa sendikal. Mwen sipòte kò-travayè lopital mwen yo nan Boston nan konba yo pou yon eleksyon sendikal ki lib ak jis yo.”



—Mike Caveney, Èd Radyoloji Boston Medical Center

“Mwen genyen 28 ane nan pwofesyon swen medikal la. Asistan enfimiyè ak teknisyen swen pasyan yo jwen yon wòl prensipal nan lopital la, alò mwen pase yo dwe resevwa respè. Mwen pase nou dwe kalifye pou kèk nan benefis RN yo resevwa—ogmantasyon nan salè ak nivo estaf ki senesòf. Mwen konnen 1199 pral veye pou nou epi li pran fè nou jwenn yon eleksyon sendikal ki lib ak jis.”



—Cynthia Bates, Asistan Swen Pasyan ak Sekretè Caritas St. Elizabeth’s Hospital

Kominote an ak Lidè yo Eli yo di, “N’ap veye do w!”

“Kanpay sa a se sou asire dirabilite ak pwosperite vin nou an alontèm. Sektè swen medikal la se rèl do ekonomi Boston la... men li enpòtan ke ou menm ak fanmi w genyen bon benefis swen medikal. Nou deja fè sa nan Boston Medical Center. Yo genyen 1199SEIU—pou ki rezon tout lopital yo nan vil Boston pa genyen 1199SEIU?”



—Majistra Boston la Thomas M. Menino

“Nou kanpe avèk ou pou kapab pran etap pou rann kalite mwen medikal pasyan yo meyè lè ou yo tandè vwa nan desizyon ki fèt nan lopital ou yo. Ekzakteman!”



—Sister Mary Priniski
Greater Boston Labor Guild



“Manman mwen te yon travayè medikal nan Brigham ak Women, epi mwen kapab di w mwen regrèt li pat gen yon sendika... sendika yo bon pou nou, epi yo bon pou fanmi nou yo.”

—Representante Estatal Marie St. Fleur, D-Boston

“Petèt pasyon nou y’ap monte sòti nan istwa esklavaj moun nou yo sou mechanste ak opresyon Faraoh ak ekzodis de esklavaj nan Ejip. Epi pa genyen pi gwo apèl pase travay pou swanye moun malad yo, konfòte moun ki fèb yo, ak bay lavi. Konbyen ou depann sou travayè lopital yo—pou pwòp sante nou, ak pa paran nou yo, pitit nou yo, oswa sosyete nou an. Antan yon Jwif antan yon rabbi, antan yon desandan travayè sendika nou yo, Mwen kanpe avèk travayè swen medikal yo k pa mane pou yon eleksyon ki lib ak jis yo.”



—Rabbi Barbara Penzner
Temple Hillel B’nai Torah West Roxbury

“Nan Konsil Vi Vil Boston la, nou p ap jis kouvri do w—nou pral kanpe avèk ou epi kape devan w si li nesèsè.



Konnen nou pral la avèk ou—konba an fèk kòmanse, epi nou pare! Nou pral fè yon istwa.”

—Maureen Feeney
Presidante del Boston City Council

“Antan yon anplwaye ki travay nan fasilite yo ki te gen yon sendika ak yon ki pa genyen li, mwen kapab di an tout senterite lè ou genyen sendika an pou ou se yon bagay mwen konnen TOUT travayè swen medikal yo bezwen. Lè w genyen yon sendika sa pèmèt anplwaye yo pou genyen yon sans sekirite, mwen konnen pèsòn pa genyen nan tavay mwen genyen kounye an. Avèk yon sendika, Mwen konnen mwen te genyen sipò pou rezoud tout sityasyon. Antan yon anplwaye kounye an nan youn nan lopital ki genyen pi bon repitasyon nan peyi an, mwen santi lè genyen yon sityasyon ki la, mwen la poukont mwen pou rezoud li epi mwen pa genyen pèsòn pou ede mwen. Yo te di nou nan plizyè okazyon ke ‘Anplwaye ak tout vòlwa nan Massachusetts la deklare.’”

—Immacula Bazille, MGH

“Nou kontinye pou fè plis travay nan laboratwa an ak mwens moun. Yo kontinye ajoute sou deskripsyon djòb nou yo epi genyen mwens mou pou fè travay la, men kantite travay la ap ogmante. Yo dwe rekonèt travay nou an ak yo pi go salè ak estaf ki adekwa. Se pou rezon swa a nou bezwen 1199.”



—Yolanda Mays
Asistan Laboratwa Klinik, MGH

W ap chèche pou mizajou? W ap chèche pou materyèl ou ka enprimè ak pataje ak kò-travayè w yo?

Ale nan www.FairUnionElections.org

Pou rantre, rele Corey Hope Leaffer nan 617-284-1142

Pou ka resevwa anons sou aksyon kapay la nan telefòn pòtatif ou , voye tèks mesaj pou “CARE” nan 30644 (Frè estanda aplike).

¡Únase a nosotros!